

Lampiran 1. MATERI PEMBELAJARAN

| | |
|-----------|---|
| KONTEN | : Serat Wulangreh Pupuh Sinom |
| SUBKONTEN | : 1. Struktur tembang macapat Sinom 2. Isi (Nilai, amanat, pesan) dalam teks Serat Wulangreh Pupuh Sinom |

Asosiasi: tembang macapat, wulangreh, sinom.

TEMBANG MACAPAT

TEMBANG yaiku anggitan (karangan) wujud puisi sing awewaton guru lagu sarta guru wilangan apa dene kanthi lelagon. Jinise tembang ana 3

1. Tembang Gedhe
2. Tembang Tengahan
3. Tembang Cilik (Macapat)

Tembang Macapat yaiku tembang (puisi Jawa) kang nduweni pada (bait) kanthi guru gatra tertemtu. Ing saben gatra (baris utawa larik) nduweni paugeran guru lagu lan guru wilangan tertemtu.

Metrum (Jinis) Tembang Macapat:

1. Maskumambang
2. Mijil
3. Sinom
4. Asmaradana
5. Dhandhinggula
6. Durma
7. Pangkur
8. Gambuh
9. Megatruh
10. Pocung
11. Kinanthi

Peranganing (Bagian-bagian) Tembang Macapat

Pupuh: kumpulaning pada tembang macapat

Pada: sakbait tembang macapat kang kadadean saka pirang-pirang gatra.

Gatra: baris utawa larik

Wanda: suku kata

Guru Gatra: cacahé gatra saben sakpada

Guru Wilangan: cacaking wanda saben sakgatra

Guru Lagu: tibaning swara (vokal: a, i, u, e, o) ing pungkasaning gatra

SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

SERAT WULANGREH

Serat Wulangreh iku yasan Sri Susuhunan Pakubuwana IV ing Nagari Kasunanan Surakarta Hadiningrat.

Wulangreh kadadean saka tembung "wulang" kang ateges pitutur utawa ajaran, dene "reh" tegese dalan utawa tuntunan.

Wulangreh bisa ditegesi pitutur tumrap lakuning masungsa urip.

Serat Wulangreh kadadean saka pupuh

Dhandhinggula 8 pada/bait, Kinanthi 16 pada/bait, Gambuh 17 pada/bait, Pangkur 17 pada/bait, Maskumambang 34 pada/bait, Megatruh 17 pada/bait, Durma 12 pada/bait, Wirangrong 27 pada/bait, Pocung 23 pada/bait, Mijil 26 pada/bait, Asmaradana 28 pada/bait, Sinom 33 pada/bait, Girisa 25 pada/bait

TEMBANG SINOM

Paugerane tembang macapat Sinom:

1. Guru Gatra : 9 gatra saben pada
2. Guru Wilangan : 8, 8, 8, 8, 7, 8, 7, 8, 12
3. Guru Lagu : a, i, a, i, i, u, a, i, a

Semaken pada Tembang Sinom ing Serat Wulangreh karo wedharane kang wus cumawis ing media sosial iki!

PITUTUR LUHUR
SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

ORA SAH SOK KEMINTER!
ICIN YEN NGAKU PINTER
ORA SAH SERTIK YEN DIECE!
WONG BODHO NGAKU PINTER?

ANDHAP ASOR

PADA 1

Ambega kang wus utama,
tan ngendhak gunaning jalmi,
amiguna ing aguna,
sasolahe kudu bathi,
pintere den aling,
bodhone didokok ngayun,
pamrihe den inaa,
mng padha padhahing jalmi,
suka bungah den iha sapadha-padha.

Watake wong kang utama,
ora ngremehake pintere wong liya,
pintere tarisah migunani,
tumindake kudu maedahi,
pintere diumpetake,
bodhone didokok ngarep,
kareben diece,
marang sapadha-padha,
tansah seneng yen diece liyan.

SMPN 3 PAKIS MAGELANG @SAKAJAVA

PITUTUR LUHUR
SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

P Ingsun uga tan mangkana,
A baliku kang sun aling,
D kabisan sun dokok ngarsa,
A isin menek den arani,
2 bakkune ngluwih,
nanging tenanipun cubluk,
suprandene jroning tyas,
lumaku ingaran wasis,
tanpa ngrasa prandene sugih carita.

ELA ELO... SAWO DIPANGAN ULER
ELA ELO... WONG BODHO NGAKU PINTER

Aku uga ora kaya ngono,
bodhoku dakumpetake,
pinterku dakketokake,
isin yen diarani,
bodhone kebangetan,
jebul pancen bodho,
jroning ati,
tumindake ben diarani pinter,
ora krasa yen mung omong thok.

SMPN 3 PAKIS MAGELANG @SAKAJAVA

PITUTUR LUHUR
SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

PADA 3

Tur duk ing sun masih bocah,
akeh kang amituturi,
lakune wong kuna-kuna,
lelabetan kang abecik,
miwah carita ugi,
kang kajaba saking ngebuk,
iku kang aran kojah,
suprandene ing sun iki,
teka nora nana undaking kabisan.

MANUT PITUTURE WONG KUNA

Nalika aku isih bocah,
akeh kang nuturi,
tumindake wong biyen,
kang becik,
uga saka crita,
sakliyane saka cathetan,
iku kang aran pitutur,
nanging aku iki,
tetep ora tambah pintere.

SMPN 3 PAKIS MAGELANG @SAKAJAVA

PITUTUR LUHUR
SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

PADA 4

Carita nggansun nenular,
wong tuwa kang momong dhangin,
akeh kang sugih cerita,
sun rungokna rina wengi,
samengko isih eling,
sawise diwasa ing sun,
bapa kang paring wulang,
miwah ibu mituturi,
tata krama ing pratingkah
karaharjan.

ELINGA BAB TATA KRAMA!

Crita kang daktularke,
saka wong tuwa kang momong
dhisik,
akeh kang sugih crita,
dakrungokake awan bengi,
nganti saiki isih eling,
sawisi aku gedhe,
bapak kang mulang,
lan ibu kang ngandhani,
bab tata kraa kang apik.

SMPN 3 PAKIS MAGELANG @SAKAJAVA

PITUTUR LUHUR
SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

GOLEKA BERKAHE WONG TUWA!

PADA 5

Nanging padha estokana,
pitutur kang muni tulis,
yen sira nedya raharja,
anggone pitutur iki,
nggoningsun ngeling eling,
pitutur wong sepuh-sepuh,
mugi padha bisa,
angango pitutur iki,
ambrekati wuruke wong tuwa-tuwa.

Ayo padha ditnani,
pitutur kang mawa lisan lan tulis,
yen awakmu pengin mulya,
anggoa pitutur iki,
anggonmu ngeling eling,
pitutur saka wong sepuh-sepuh,
muga padha bisa,
angango pitutur iki,
wuruke wong tuwa-tuwa iku amberkahl.

SMPN 3 PAKIS MAGELANG @SAKAJAVA

Perangan iki ngrembug babagan **Ukara Tanggapan**.

Para siswa kaajib supaya nanggapi isi Tembang Sinom saka Serat Wulangreh.

UKARA TANGGAPAN

Yaiku ukara kang ngemu suka panyaruwe (kritik/saran), suka pangajak (ajakan), suka pamawas (pendapat) tumrap samubarang utawa prastawa kang diwaca, disemak, ditonton, utawa dirasakake.

UKARA TANGGAPAN POSITIF ngemu tanggapan sarujuk (setuju).

UKARA TANGGAPAN NEGATIF ngemu tanggapan boten sarujuk (ora setuju)

TULADHA (CONTO):

Konteks:

Tembang:

Ambege kang wus utama,
tan ngendhak gunaning jalmi,
amiguna ing aguna,
sasolahe kudu bathi,
pintere den alingi,
bodhone didokok ngayun,
pamrihe den inaa,
mring padha padhaning jalmi,
suka bungah den ina sapadha-padha.

Pada (bait) tembang kasebut menehi pitutur yen dadi wong ora kena ngetokake kapinterane. Piye tanggapanmu tumrap kanca kang senenge ngetokake kapinterane?

Ukara Tanggapan:

Positif (SARUJUK)

Kula sarujuk tumrap kanca ingkang ngendelaken kapinteranipun amargi kapinteran menika anugerah.

Utawa

Negatif (BOTEN SARUJUK)

Tiyang ingkang ngendelaken kapinteranipun menika boten sae. Kedahipun dados tiyang ingkang andhap ashor. Boten pareng umuk. Bodhonipun ingkang ditingalaken.

Lampiran 2. ASESMEN KI 1 & 2

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
 Kelas/Semester : VII/Gasal
 Tahun Pelajaran : 2020/2021

Rubrik Penilaian : SIKAP SPIRITUAL

| No. | Kriteria Nilai | Indikator | Kode |
|-----|--|---|------|
| 1 | Berdoa sebelum dan sesudah melakukan kegiatan. | Siswa berdoa sebelum dan sesudah KBM. | SP1 |
| 2 | Menjalankan ibadah sesuai dengan agamanya. | Siswa mengikuti proses kegiatan keagamaan. | SP2 |
| 3 | Memberi salam pada saat awal dan akhir kegiatan. | Siswa menjawab salam awal & akhir KBM. | SP3 |
| 4 | Bersyukur atas nikmat dan karunia Tuhan YME | Siswa mengucapkan syukur saat awal KBM. | SP4 |
| 5 | Mensyukuri kemampuan manusia dalam mengendalikan diri. | Siswa mengucapkan syukur saat merespos apresiasi tugas. | SP5 |
| 6 | Bersyukur ketika berhasil mengerjakan sesuatu. | Siswa mengucapkan syukur saat menerima hasil penilaian. | SP6 |
| 7 | Berserah diri (tawakal) kepada Tuhan setelah berikhtiar atau berusaha. | Siswa menyegera mengumpulkan tugas segera dengan kualitas baik. | SP7 |
| 8 | Memelihara hubungan baik sesama umat ciptaan Tuhan YME. | Siswa membantu teman yang kesulitan sarana belajar. | SP8 |
| 9 | Bersyukur kepada Tuhan YME sebagai bangsa Indonesia. | Siswa melaporkan telah mengikuti upacara/kegiatan nasionalisme. | SP9 |
| 10 | Menghormati orang lain yang menjalankan ibadah sesuai agamanya. | Siswa tidak berujar yang melanggar SARA. | SP10 |

SIKAP SOSIAL

| No. | Kriteria Nilai | Indikator | PPK | Kode |
|-----|----------------|---|---------------|------|
| 1 | jujur | Siswa mengakui kesalahan. | Integritas | SO1 |
| 2 | disiplin | Siswa mengikuti KBM tepat waktu. | Nasionalisme | SO2 |
| 3 | tanggung jawab | Siswa menyegera mengumpulkan tugas segera dengan kualitas baik. | Mandiri | SO3 |
| 4 | santun | Siswa menjawab salam awal & akhir KBM. | Religius | SO4 |
| | | Siswa tidak berujar yang melanggar SARA. | | SO5 |
| 5 | percaya diri | Siswa melontarkan gagasan dengan baik. | Mandiri | SO6 |
| 6 | peduli | Siswa mengingatkan teman yang melakukan kesalahan dalam proses KBM. | Gotong royong | SO7 |
| | | Siswa membantu teman yang kesulitan sarana belajar. | | SO8 |

JURNAL

| No | Tanggal | Nama Siswa | Catatan Perilaku | Butir sikap | Tanda Tangan | Tindak lanjut | Hasil | Tanda tangan |
|----|---------|------------|------------------|-------------|--------------|---------------|-------|--------------|
| | | | | | | | | |
| | | | | | | | | |
| | | | | | | | | |

NILAI

| | | |
|---|-------------|--|
| A | Sangat Baik | Jika siswa memiliki sikap melebihi indikator norma yang diharapkan. |
| B | Baik | Jika siswa memiliki sikap sesuai indikator norma yang diharapkan. |
| C | Kurang | Jika siswa memiliki sikan kurang baik, tidak sesuai indikator norma yang diharapkan. |

Lampiran 3. ASESMEN KI 3 (Penugasan)

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas/Semester : VII/Gasal
Tahun Pelajaran : 2020/2021
Kompetensi Dasar : 3.2 Menelaah teks Serat Piwulang Wulangreh pupuh Sinom. (C4)
Kisi-kisi :

| NO. | KD | MATERI (SUBKONTEN) | NO. SOAL | BENTUK | LEVEL | INDIKATOR SOAL |
|-----|-----|---|----------|--------|-------|---|
| 1 | 3.2 | Pengertian tembang macapat | 1 | U | C2 | Siswa dapat menjelaskan pengertian tembang macapat. |
| 2 | 3.2 | Pengertian tembang macapat narasi | 2 | PGK | C2 | Siswa dapat merinci ciri tembang macapat. |
| 3 | 3.2 | Pengertian tembang macapat | 3 | PGK | C2 | Siswa dapat membedakan metrum tembang macapat. |
| 4 | 3.2 | Pengertian tembang macapat | 4 | PG | C2 | Siswa dapat menyebutkan pengertian salah satu ciri tembang macapat. |
| 5 | 3.2 | Pengertian tembang macapat | 5 | PG | C1 | Siswa dapat menyebutkan nama lain tembang macapat. |
| 6 | 3.2 | Nilai, amanat, pesan dalam teks Serat Wulangreh Pupuh Pangkur | 6 | U | C1 | Disediakan "meme" tentang tembang macapat Sinom, siswa mengidentifikasi contoh tindakan sehari-hari yang tidak sesuai tata krama. |

Rubrik Penilaian :

| Jenis Soal | Jumlah Soal | Skor | Jumlah Skor |
|------------------------------|-------------|------|-------------|
| PGK (Pilihan Ganda Kompleks) | 2 | 4 | 8 |
| PG | 2 | 1 | 2 |
| Uraian | 2 | 5 | 10 |
| TOTAL SKOR | | | 20 |

Pedoman Penyeoran : Skor Maksimal = 20
Pedoman Penilaian : Nilai Akhir = Skor X 5
Nilai Maksimal = 100

PERANGAN 1

Coba wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Apa iku tembang macapat?

2. Apa kang dadi paugeran (aturan) ing tembang macapat?
(Centhang √ wangsulan kang bener, bisa luwih saka siji)

| | |
|--------------------------|---------------|
| <input type="checkbox"/> | guru lagu |
| <input type="checkbox"/> | guru wilangan |
| <input type="checkbox"/> | guru gatra |
| <input type="checkbox"/> | guru sastra |
| <input type="checkbox"/> | guru swara |

3. Endi kang kalebu metrum tembang macapat?
(Centhang √ wangsulan kang bener, bisa luwih saka siji)

| | |
|--------------------------|---------------|
| <input type="checkbox"/> | Gambuh |
| <input type="checkbox"/> | Retnamulya |
| <input type="checkbox"/> | Pangkur |
| <input type="checkbox"/> | Pocung |
| <input type="checkbox"/> | Kusumawicitra |

4. Apa kang diarani tibaning swara ing pungkasaning gatra tembang macapat?

- A. guru gatra
- B. guru lagu
- C. guru wilangan
- D. guru swara

5. Tembang macapat nduweni aran liya

- A. tembang gedhe
- B. temabng tengahan
- C. tembang cilik
- D. tembang dolanan

PERANGAN 2

Semaken isine “meme” tembang Sinom iki!

PADA 1

Ambega kang wus utama,
tan ngendhak gunaning jalmi,
amiguna ing aguna,
sasolahi kudu bathi,
pintere den alingi,
bodhone didokok ngayun,
pamirbe den inaa,
ming padha padharang jalmi,
suka bungah den na sapa-dha-padha.

Watake wong kang utama,
ora ngremhake pintere wong liya,
pintere tansah migunani,
tumindake kudu maedahi,
pintere dUMPetako,
bodhone didokok ngarep,
kareben diece,
marang sapa-dha-padha;
tansah seneng yen diece liyan.

PADA 4

Carita nggongsun nenular,
wong tuwa kang momong dhangin,
akeh kang sugih cerita,
sun rungokna rina wengi,
samengko isih eling,
sawise diwasa ingsun,
bapa kang paring wulang,
miwah ibu miluturi,
tata krama ing pratingkah
karaharjan.

Crita kang daktularke,
saka wong tuwa kang momong
dhisik,
akeh kang sugih crita,
dakrungokake awan bengi,
nganti saiki isih eling,
sawisi aku gedhe,
bapak kang mutang,
lan ibu kang ngandhani,
bab tata kraa kang apik.

1. Sebutna tuladha (conto) tumindak kang ora manut tata krama!

Lampiran 4. ASESMEN KI 3 (Tes Tulis)

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
 Kelas/Semester : VII/Gasal
 Tahun Pelajaran : 2020/2021
 Kompetensi Dasar : 3.2 Menelaah teks Serat Piwulang Wulangreh pupuh Sinom. (C4)
 Kisi-kisi :

| NO. | KD | MATERI (SUBKONTEN) | NO. SOAL | BENTUK | LEVEL | INDIKATOR SOAL |
|-----|-----|--|----------|--------|-------|--|
| 1 | 3.2 | Isi (Nilai, amanat, pesan) dalam cakepan tembang | 1 | PG | C3 | Disajikan satu bait tembang macapat, siswa dapat menentukan informasi dalam tembang tersebut. |
| 2 | 3.2 | Isi (Nilai, amanat, pesan) dalam cakepan tembang | 2 | PG | C2 | Disajikan satu bait tembang macapat, siswa dapat menyebutkan padanan kata diksi dalam tembang. |
| 3 | 3.2 | Isi (Nilai, amanat, pesan) dalam cakepan tembang | 3 | PG | C2 | Disajikan satu bait tembang macapat dalam "meme", siswa dapat menyebutkan padanan kata diksi dalam tembang. |
| 4 | 3.2 | Isi (Nilai, amanat, pesan) dalam cakepan tembang | 4 | PG | C5 | Disajikan satu bait tembang macapat dalam "meme", siswa dapat menilai tindak lanjut sebuah nilai. |
| 5 | 3.2 | Struktur tembang macapat | 5 | PG | C1 | Disajikan istilah-istilah dalam tembang, siswa dapat menyebutkan ciri tembang macapat. |
| 6 | 3.2 | Struktur tembang macapat | 6 | PGK | C4 | Siswa dapat menentukan beberapa stuktur yang terdapat dalam sebuah bait tembang. |
| 7 | 3.2 | Isi (Nilai, amanat, pesan) dalam cakepan tembang | 7 | PGK | C4 | Disajikan satu bait tembang macapat, siswa dapat menganalisis beberapa isi tembang tersebut. |
| 8 | 3.2 | Isi (Nilai, amanat, pesan) dalam cakepan tembang | 8 | U | C4 | Disajikan satu bait tembang macapat dalam "meme", siswa dapat menganalisis amanat yang disampaikan dalam tembang tersebut. |

Rubrik Penilaian :

| Jenis Soal | Jumlah Soal | Skor | Jumlah Skor |
|-------------------|-------------|------|-------------|
| Pilihan Ganda | 5 | 10 | 50 |
| PGK | 2 | 20 | 40 |
| Uraian | 1 | 10 | 10 |
| TOTAL SKOR | | | 100 |

Pedoman Penyelesaian : Skor Maksimal = 100

Pedoman Penilaian : Nilai Akhir = Skor
 Nilai Maksimal = 100

Soal iki minangka evaluasi tumrap

KD 3.2. Menelaah teks Serat Piwulang Wulangreh pupuh Sinom.

LAKONANA!

1. Aja lali nedonga sadurunge nggarap!
2. Isenana jatidhiri kanthi bener: JENENG lan klik pilihan KELAS!
3. Wacanen materi bab Teks Piwulang Serat Wulangreh Pupuh Sinom kang wus cumawis!
4. Garapen soal kaperang dadi 5 soal pilihan ganda, 5 pilihan ganda kompleks, lan 2 uraian.
4. Wacanen kanthi premati soal lan tata carane nggarap!

PILIHAN GANDA

Pilih wangsulan kang koanggep paling bener kanthi mbunderi pilihan (A), (B), (C), utawa (D) ana ing lembar jawab!

(*daring*) Pilih wangsulan kang koanggep paling bener kanthi klik bunderan (o) ing layar mediamu!

Semaken tembang iki kanggo mangsuli pitakon 1!

(Pada 1)

Ambege kang wus utama,
tan ngendhak gunaning jalmi,
amiguna ing aguna,
sasolahe kudu bathi,
pintere den alingi,
bodhone didokok ngayun,
pamrihe den inaa,
mring padha padhaning jalmi,
suka bungah den ina sapattha-padha.

1. Informasi kang bener ana ing crita kasebut yaiku ...
 - A. Dadi wong pinter kudu golek bathi, ora kena rugi.
 - B. Wong pinter ora kena diece karo wong liya kang bodho.
 - C. Yen rumangsa pinter kudu ngetokake marang wong liya.
 - D. Wong kang wus sampurna kuwi ora kena pamer kapinterane.

Semaken tembang iki kanggo mangsuli pitakon 2!

(Pada 2)

Ingsun uga tan mangkana,
balilu kang sun alingi,
kabisan sun dokok ngarsa,
isin menek den arani,
balilune ngluwahi,
nanging tenanipun cubluk,
suprandene jroning tyas,
lumaku ingaran wasis,
tanpa ngrasa prandene sugih carita.

2. Tembung "cubluk" nduweni teges
 - A. pinter
 - B. bodho
 - C. lantip
 - D. utama

Semaken gambar iki kanggo mangsuli pitakon 3 lan 4!



3. Cakupan pada kapisan Serat Wulangreh Pupuh Sinom ngandharake bab wong kang kudu Andhap Asor kang nduweni teges yaiku
 - A. umuk
 - B. lembah manah
 - C. gumedhe
 - D. keminter
4. Tumindake wong utama yen diece karo wong liya kudune
 - A. serik
 - B. mbales
 - C. nesu
 - D. ora susah
5. (a) guru gatra, (b) guru lagu, (c) guru wilangan, (d) puisi jawa anyar, (e) guru sastra, (f) nada Perangan kasebut kang mratandhani tembang macapat yaiku
 - A. (a), (b), (c)
 - B. (b), (c), (e)
 - C. (c), (d), (e)
 - D. (d), (e), (f)

PILIHAN GANDA KOMPLEKS

Pilihlah wangsulan kang kokanggep paling bener lan cocog kanthi ngeklik kothakan pilihan wangsulan!
ANGGONMU MILIH WANGSULAN BISA LUWIH SAKA SIJI.

Wacan kanggo mangsuli pitakon angka 6 – 7!

Nanging padha estokana,
pitutur kang muni tulis,
yen sira nedya raharja,
anggonen pitutur iki,
nggoningsun ngeling-eling,
pitutur wong sepuh-sepuh,
mugi padha bisaa,
angango pitutur iki,
ambrekati wuruke wong tuwa-tuwa.

6. Miturut cakepan tembang kasebut, ciri-ciri mirunggan kang ana ing tembang Sinom yaiku
- guru gatrane cacahé 9
 - guru gatrane cacah 10
 - guru lagu gatra katelu yaiku "a"
 - guru lagu gatra kapisan yaiku "i"
 - guru wilangan lan guru lagune gatra kawolu yaiku "8i"
7. Isine cakepan tembang kasebut ing antarane yaiku ...
- Elingana pitutur wong sepuh-sepuh!
 - Wong tuwa kudu manut pitutur wong enom.
 - Yen arep entuk berkah slamet, gatekna pitutur wong tuwa!
 - Golekana berkahe wong tuwa kanthi ngajari wong tuwane!

URAIAN

Jlentrehna wangsulan pitakon iki!

Wacan kanggo mangsuli pitakon angka 8!

The image shows a social media post with a black background and red accents. At the top, it says "PITUTUR LUHUR" and "SERAT WULANGREH PUPUH SINOM". Below that, it says "ELINGA BAB TATA KRAMA!". There is a vertical red bar on the left side. To the right of the bar, it says "PADA 4" and "Carita nggonsum nenular, wong tuwa kang momong dhangin, akeh kang sugih cerita, sun rungokna rina wengi, samengko isih eling, sawise diwasa ingsun, bapa kang paring wulang, miwah ibu mituturi, tata krama ing pratingkah karaharjan." Below this text is a cartoon illustration of a man with a white beard and a white turban, looking thoughtful. At the bottom, there are two small logos: "EMPN 3 PAKSI MAGELANG" and "@SAKAJAVA".

8. Coba terangna kenangapa awake dhewe kudu tansah ngeling-eling lan nganggo tata krama?

REFLEKSI

1. Apa awakmu wis mudheng bab Serat Wulangreh pupuh Pangkur?
() sampun () dereng *wenehana tandha centhang ✓
2. Perangan (bagian) apa kang awakmu rumangsa durung mudheng utawa kangelan dipahami ing materi Serat Wulangreh pupuh Pangkur?

Lampiran 5. ASESMEN KI 4 (Praktik)

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas/Semester : VII/Gasal
Tahun Pelajaran : 2020/2021
Kompetensi Dasar : 4.2 Menanggapi isi teks piwulang serat Wulangreh pupuh Sinom.
Indikator Soal : (P2) Dengan membaca/menyimak teks piwulang serat Wulangreh pupuh Sinom, siswa dapat menanggapi (mengomentari/mengoreksi) kontekstualitas isi tembang.

Rubrik :

| No. | Kriteria | Skor | | | |
|-----|-------------------|------|---|---|---|
| | | 4 | 3 | 2 | 1 |
| | Kualitas isi | | | | |
| | Tata kalimat | | | | |
| | Penguasaan bahasa | | | | |

| No. | Kriteria | Aktivitas | | | Skor (%) | | | |
|-----|------------------------|-----------|----|----|----------|---------|---------|--------|
| | | TK | CC | PS | 93-100 | 84-92 | 75-83 | <75 |
| 1 | Kualitas isi | √ | √ | √ | lengkap | lengkap | lengkap | kurang |
| 2 | Tata kalimat | √ | √ | | lengkap | kurang | kurang | kurang |
| 3 | Penguasaan ragam Krama | √ | √ | | lengkap | kurang | kurang | kurang |

TK= Transfer Knowledge

CC= Critical Thinking & Creativity

PS=Problem Solving

Perangan iki ngrembug babagan **Ukara Tanggapan**.
 Para siswa kaajab supaya nanggapi isi Tembang Pangkur saka Serat Wulangreh.

Coba semaken “meme” tembang Sinom saka Serat Wulangreh iki!

PITUTUR LUHUR
 SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

ANDHAP ASOR

ORA SAH SOK KEMINTER!
 ISIN YEN NGAKU PINTER
 WONG BODHO NGAKU PINTER?
 ORA SAH SERTIK YEN DIECE!

PADA 1

Amboge kang wus utama,
 lan ngandhak gunaning jalmi,
 amiguna ing aguna,
 sasolihé kudu bathi,
 pintere den alingi,
 bodhone didokok ngayun,
 pamrihe den inaa,
 mring padha padhaning jalmi,
 suka bungah den ina sapa-dha-padha

Watake wong kang utama,
 ora ngremehake pintere wong liya,
 pintere tansah migunani,
 tumindake kudu maedahi,
 pintere diumpetake,
 bodhone didokok ngarep,
 kareben diece,
 marang sapa-dha-padha,
 tansah seneng yen diece liyan.

SMPN 3 PAKIS MAGELANG @SAKAJAYA

PITUTUR LUHUR
 SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

PADA 2

Ingsun uga lan mangkana,
 ballu kang sun alingi,
 kabisaan sun dokok ngarsa,
 isin menek den arani,
 ballune ngluwifi,
 nanging tenanipun cubluk,
 suprandene yoning tyas,
 lumaku ingaran wasis,
 tanpa ngrasa prandene sugih carita

ELA ELO... SAWO DIPANGAN ULER
ELA ELO... WONG BODHO NGAKU PINTER

Aku uga ora kaya ngono,
 bodhoku dakumpetake,
 pinterku dakketokake,
 isin yen diarani,
 bodhone kebangeten,
 jebul pancen bodho,
 jroning ati,
 tumindake ben diarani pinter,
 ora krasa yen mung omong thok.

SMPN 3 PAKIS MAGELANG @SAKAJAYA

1. Kepriye tanggapanmu yen ana kancamu sing keminter?

PITUTUR LUHUR
 SERAT WULANGREH PUPUH SINOM

ELINGA BAB TATA KRAMA!

PADA 4

Carita nggongsun nenular,
 wong tuwa kang momong dhingin,
 akeh kang sugih cerita,
 sun rungokna rina wengi,
 samengko isih eling,
 sawise diwasa ingsun,
 bapa kang paring wulang,
 miwah ibu mituturi,
 tata krama ing pratingkah
 karaharjan.

Crita kang daktularke,
 saka wong tuwa kang momong
 dhisik,
 akeh kang sugih crita,
 dakrungokake awan bengi,
 nganti saiki isih eling,
 sawisi aku gedhe,
 bapak kang mulang,
 lan ibu kang ngandhani,
 bab tata kraa kang apik.

SMPN 3 PAKIS MAGELANG @SAKAJAYA

2. Kepriye carane ngandhani kanca utawa wong liya kang ora nduweni tata krama?

Lampiran 6. Program Remedi & Pengayaan

NORMA PENILAIAN

| No. | KD | Rentang Nilai | Predikat | Program yang Diikuti | Keterangan |
|----------|-------|---------------|------------------|----------------------|---|
| A | 3 & 4 | 75 | | Batas KKM | |
| B | | <75 | REMEDI | | |
| | | | | Bimbingan Individu | Jika ketidaktuntasan < 10 siswa |
| | | | | Bimbingan Kelompok | Jika ketidaktuntasan 10 – 25 siswa |
| | | | | Pembelajaran Ulang | Jika ketidaktuntasan > 25 siswa |
| | | | | Tutor Sebaya | Jika ada terdapat anak satu wilayah yg mampu |
| C | | ≥ 75 | PENGAYAAN | | |
| | | 75 – 83 | C | Belajar Kelompok | Jika terdapat kelompok siswa satu wilayah (dusun). |
| | | 84 – 92 | B | Belajar Mandiri | Jika peserta pengayaan sedikit dan berbeda wilayah. |
| | | 93 – 100 | A | | |

NILAI AKHIR

| No. | KD | Rentang Nilai Murni | Nilai Remedi / Pengayan | Nilai Akhir | Keterangan |
|-----|-------|---------------------|-------------------------|--------------|--------------|
| 1 | 3 & 4 | <75 | <75 | | Remedi Ulang |
| 2 | | <60 | >75 | 75 | |
| 3 | | <70 | >75 | 76 | |
| 4 | | 70 – 74 | >75 | 77 | |
| 5 | | 75 – 77 | | 78 | |
| 6 | | 78 – 79 | | 79 | |
| 7 | | >80 | | menyesuaikan | |